NaMutungamiri Thomas S. Monson

"Handingakuregi, Kana Kukusiya"

Baba vedu Vokudenga . . . vanoziva kuti tinodzidza nokukura uye tova vakasimba apo patinotarisana nokukunda zviedzo izvo zvatinofanira kupfuura nemazviri.

Mujenari rangu manheru ano, ndichanyora kuti, "Uno ndiwo wanga uri mumwe wemisangano inokurudzira zvikuru wekonifarenzi ipi zvayo yandakapinda. Zvinhu zvose zvanga zviri zvine mweya mukuru chaizvo."

Mabhuratha nemasisita, mwedzi mitanhatu yakapfuura apo pataisangana pamwechete mukonifarenzi yedu, mudzimai wangu wakanaka, Frances, akanga arere muchipatara, mushure mokuputsika kwakaipa kwaakanga aita mazuva mashoma akanga apfuura. Muna Kubvumbi, mushure memavhiki mazhinji achitambudzika zvineushingi kuti akunde kukuvara kwake, akatisiya otungamira kuenda kusingaperi. Ndinomushuva zvikuru chaizvo. Iye neni takachata muSalt Lake Temple musi wa 7 Gumiguru, 1948. Magwana raizenge riri zuva rerangariro yemusi wemuchato wedu remakore makumi matanhatu nemashanu. Ndiye munhu wandaida kupinda zvimwe zvinhu zvose muupenyu hwangu, mudikanwi wangu akatendeka, uye shamwari yangu yapamoyo. Kutaura kuti ndinomushuva hakutombotangi kutsanangura udzami hwemanzwiro angu.

Konifarenzi ino inosvitsa makore makumi mashanu kubva pandakadaidzwa kuChikwata cheVaapositora Vane Gumi neVaviri naMutungamiri David O. McKay. Nemumakore ose aya handina chimwe chandakanzwa kusara kwerutsigiro rwakakwana uye rwakazara rwemudikanwi wangu wakanaka uyu. Akazvipira kasingaverengeki kuitira kuti ndikwanise kuzadzikisa mabasa ekudaidzwa kwangu. Handina kana kumbonzwa inzwi rokugunun'una kubva kwaari apo kazhinji pandaifanirwa kugara mazuva uye dzimwe nguva mavhiki ndiri kure naye nevana vedu. Chokwadi aiva ngirozi chaiyo.

Ndinoda kutaura kutenda kwangu, pamwepo nekwe avo vemhuri yangu, nokuda kwerudo rukuru rwakaratidzwa kwatiri kubvira kushayika kwakaita Frances. Mazana nemazana emakadzi netsamba zvakatumwa kubva kunyika dzose zvichitaura ruyemuro kwaari uye neurombo kumhuri yedu. Takatambira maruva akarongwa pamwechete akawanda uye akanaka chaizvo. Tinotenda chema dzakawanda idzo dzakapiwa muzita rake kuHomwe yeHushumiri Hwese yeChechi. Ndakamirira avo vedu vaakasiya, ndinotenda nemoyo wangu wese nemashoko enyu etsitsi uye erudo rwechokwadi.

Chinhu changa chichi unza nyaradzo zvikuru kwandiri panguva inorwadza ino yokuparadzaniswa naye changa chiri uchapupu hwangu hwevhangeri raJesu Kristu uye ruzivo rwandinarwo rwekuti mudikanwi wangu Frances anorarama. Ndinoziva kuti kuparadzaniswa kwedu ndekwenguva diki. Takasunganidzwa muimba yaMwari nemunhu aiva nemvumo yokusunga panyika nokudenga. Ndinoziva kuti tichabatanidzwa zvakare rimwe zuva uye hatizombofa takaparadzaniswa zvakare. Urwo ndiro ruzivo runonditsigira.

Mabhuratha nemasisita, zvingangotaurwa pasina rupokano kuti hapana munhu akarарama upenyu hwake hwose asina dambudziko nerusuwo, uye hakuna kumbova nenguva munhoroondo yevanhu yakanga isina mugove uzere wayo wemanyongori nenhamo.

Apo patinosanga nemamiro ezvinhu akaipa zvikuru muupenyu, kazhinji tinoda kubvunza mubvunzo

wekuti, “Sei zvaitika kwandiri?” Panedzimwe nguva zvinotaridzika sekusina mugumo kumatambudziko edu, sekusina rununuro kubva kuzviedzo zvedu. Tinonzwa kupoteredzwa nerusuwo rwezvishuwiro zvisina kuzadzikiswa uye kuora moyo kwetariro dzaparara. Tinobatana nevamwe mukuteterera kwemubhaibheri kunoti, “Ko hakunomuti webarsami muGireadi here?”[1] Tinonzwa kuti tasiyiwa, tizere nerusuwo, uye tiri toga. Kazhinji tinotarisa rombo rakaipa redu pachedu nemafungiro asina tariro. Tinoshaya moyo murefu wekuwana mhinduro kumatambudziko edu, tichikanganwa kuti kazhinji hunhu hwekudenga hwemoyo murefu hunodikanwa.

Matambudziko anouya kwatiri anotipa mukana wekuedzwa chaiko kwekwaniso yedu yekushingirira. Mubvunzo wakakosha unoramba wakamirira kupindurwa nemumwe nemumwe wedu ndewekuti: Ndokundikana here, kana kuti ndokunda? Vamwe vanokundikana apo pavanozviwana vasisakwanisi kukunda matambudziko avo. Kukunda kunosanganisira kushingirira kusvikira kumagumo chaiko kwehupenyu pachahwo.

Apo patinofungisisa nezve zviitiko zvinokwanisa kutiwira tose, tinokwanisa kuti naJobo wakare, “Munhu anoberekerwa nhamo.”[2] Jobo aiva murume “akakwana uye akarurama” uyo “waitya Mwari achinzvenga zvakaipa.”[3] Akarurama muzviito zvake, akabudirira muhupfumi hwake, Jobo aifanira kutarisana nechiedzo icho chaikwanisa kuparadza aninani zvake. Upfumi hwake hwatorwa, shamwari dzake dzamushoropodza, anetsekana nokutambura kwake, arwadziwa zvikuru nekurasikirwa nemhuri yake, akakurudzirwa kuti “ashore Mwari, afe.”[4] Akakunda kuedzwa uku uye akataura pachena kubva muudzami hwemweya wake wakarurama kuti:

“Tarirai, chapupu changu chiri kudenga, uye unondipupurira zvakanaka uri kumusoro.”[5]

“Ndinoziva Kuti Mununuri Wangu Mupenyu!”[6]

Jobo akachengeta rutendo. Tinozoita zvimwechetezvo here apo patinotarisana namatambudziko edu?

Apo pose patinenge toda kunzwa kuremerwa netsiva dzeupenyu, ngatirangarirei kuti vamwe vakapfuura nenzira imwecheteyo, vakashingirira, uyezve vakakunda.

Nhoroondo yeChechi mumukuwo uno wokuzara kwenguva, yakazara nezviitiko zveavo vakatambudzika asi vakaramba vakashinga zvakasimba uye vainomufaro. Chikonzero chiri chii? Vakaita Vhangeri raJesu Kristu musimboti weupenyu hwavo. Izvi ndizvo zvinozotibatsira kushingirira pazvinhu zvipi zvazvo zvatingasangana nazvo muupenyu. Tinozoramba tichiwirwa nezviedzo zvinonetsa, asi tinozokwanisa kutarisana nazvo, kusangana nazvo neushingi, uye pakupedzisira tozokunda.

Kubva pachirariro chemarwadzo, kubva pamutsago wakanyakatika nemisodzi, tinosimudzirwa mudenga nechitsidzo chitsvene uye vimbiso yakakosha: “Handingakuregi, kana kukusiya.”[7] Nyaradzo yakadaro haiina mutengo ungaiswa pairi.

Apo pandinofamba nzvimbo dzokure dzakawanda dzepanyika pose ndichizadzikisa mabasa ekudaidzwa kwangu, ndakasvika pakuziva zvinhu zvakawanda —kusanganisira chokwadi chekuti rusuwo nekutambudzika zvinowira munhu wese. Handikwanisi kutanga kuyera marwadzo epamoyo ese nerusuwo rwese zvandakaona apo pandaishanyirana neavo vari pakati pokuchema, vane urwere, vari pakati pekurambana, vari kutambura nemwanakomana kana mwanasikana asingateereri kana varikutambura nemibairo yechivi. Mudorongodzwa uyu unogona kuenderera zvisingaperi, nokuti kune matambudziko asingaverengeki anokwanisa kutiwira. Kudoma muenzaniso mumwechete kunonetsa, asi apo pese pandinofunga nezvezvinetso, pfungwa dzangu dzinoenda kuna Bhurutha Brems, mumwe wevadzidzisi vangu veChikoro cheSvondo pandaiva ndiri mukomana mudiki. Vakanga vari nhengo yakatendeka yeChechi, murume aiva nerudo rwakarurama. Ivo nemudzimai wavo, Sadie, vakanga vane vana vasere, vazhinji vavo vaiva nezera rimwechete nevana vemumhuri yedu.

Mushure mokuchata kwangu naFrances nokubva kwedu muwadhi, taisangana naBhuratha naSisita Brems nenhengo dzemhuri yavo pamichato neparufu, pamwepo nepamitambo yokusanganazve pamwechete yewadhi.

Muna 1968, Bhuratha Brems vakashayikirwa nemudzimai wavo, Sadie. Vaviri vevana vavo vakashayikawo nekufamba kwemakore.

Pane rimwe zuva makore angaita gumi nematatu apfuura ayo, muzukuru sikana wekutanga waBhuratha Brem akandichaira runhare. Akatsanangura kuti sekuru vake vakanga vasvitsa gore ravo rekuzvarwa rechizana nemashanu. Akati, “Vanogara munzvimbo inochengetwa vakwegura idiki asi vanosangana nemhuri yavo yose Svondo yoga yoga, apo pavanopa chidzidzo chevhangeri.” Akaenderera achiti, “Svondo yapfuura iyo, Sekuru vakataura kwatiri tose vachiti, ‘Vadikanwi vangu, ndiri kuzofa vhiki ino. Ndapota mungadaidza here Tommy Monson. Anozoziva zvokuita.”

Ndakashanyira Bhuratha Brems manheru aitevera chaiwo. Ndakanga ndisati ndavaona kwenguva yakareba. Handina kukwanisa kutaura navo, nokuti vakanga vasisanzwe. Handina kukwanisa kunyora shoko kuti vaverenge, nokuti vakanga vasisaone. Ndakaudzwa kuti mhuri yaitaurirana navo nokutora munwe weruoko rwavo rwerudyi zvino vonyora nawo pachanza cheruoko rwavo rweruboshwe zita remunhu ainge achishanya. Shoko ripi zvaro raifanira kutaurwa kwavari nenzira imwecheteyo iyi. Ndakatevera nzira iyi nokutora munwe wavo nokupereta T-O-M-M-Y M-O-N-S-O-N, zita iro ravaindiziva naro mukugara kose.

Bhuratha Brems vakafara zvikuru, uye vachitora maoko angu, vakaaisa pamusoro wavo. Ndakaziva kuti chido chavo chaiva chokutambira ropafadzo yehupirisita. Mutyairi wemotokari akanga andiendesa kunzvimbo inochengetwa vakwegura iyi akabatana neni pakuisa maoko edu pamusoro waBhuratha Brems tichivapa ropafadzo raidikanwa. Mushure, misodzi yakayerera kubva mumaziso avo akanga asisaone. Vakabata maoko edu nesimba mukutenda. Kunyangwe vakanga vasina kunzwa ropafadzo ratakanga tavapa, Mweya wakanzwikwa zvakasimba, uye ndinobvuma kuti vakafemerwa kuti vazive kuti takanga tavapa ropafadzo ravaida. Murume wakanaka uyu akanga asisaone. Akanga asisanzwe. Usiku nemasikati akanga asisakwanise kubuda mumupanda wake mudiki panzvimbo yevakwengura iyi. Asi zvisinei runyemwerero rwaiva pachiso chake uye mashoko aakataura zvakabata moyo wangu. "Ndinotenda," vakadaro "Baba vangu Vokudenga vanga vakanaka kwandiri chaizvo."

Muvhiki rimwechete iroro, sokufembera kwavakanga vaita, Bhuratha Brems vakashaya. Havana kana kumbofungisisa pamusoro pezvavaishaya; asi panokudaro, nguva dzose vaitenda zvakadzama nemaropafadzo avo akawanda.

Baba vedu Vokudenga, avo vanotipa zvakawandisa zvokufara mazviri, vanozivawo kuti tinodzidza nokukura uye tova vakasimba apo patinotarisana nokukunda zviedzo izvo zvatinofanira kupfuura nemazviri. Tinoziva kuti kune nguva apo tinozosangana nekusuwa kunotyora moyo yedu, patinozochema, uye patinozoedzwa kusvika kumugumo ekwaniso dzedu. Zvisinei, matambudziko akadaro anotibvumira kushanduka kuva vanhu varinani, kuvakazve upenyu hwedu nenzira iyo Baba vedu Vokudenga yavanotidzidzisa, uye kuva vanhu vakasiyana kubva kune zvatakanga tiri—kuva varinani kupinda zvataiva tiri, kuva vanonzwisisa kupinda zvataiva tiri, kuva neurombo nevamwe kupinda zvataiva tiri, kuva neuchapupu hwakasimba kupinda zvataiva kare.

Ichi ndicho chinofanira kuva chinangwa chedu— kutirira nokushingirira, hongu, asiwo kuzova vakanyanya kutsveneka pamweya apo tinorarama nemunguva dzakanaka nedzakaipa. Dai kwakanga kusina matambudziko ekukunda nenhamo dzinoda mhinduro, taizoramba tiri sezvatiri iyezvino, tichifambira mberi zvishomanana kana kusafambira mberi zvachose takananga kuchinangwa chedu cheupenyu hwokusingaperi. Mudetembi akataura pfungwa dzimwechetedzo mumashoko aya:

Mapango akanaka haakuri zvirinyore,
Kusimba kwemhepo inovhuvhuta, ndikowo kusimba kunoita muti uri kukura mumhepo iyoyo.
Makwiriro anenge akaita nzvimbo yaunokura, ndikowo kureba kwauchaita.
Masimbiro emvura inounaya, ndiwo masimbirowo auchaita.
Nemuzuva nemuchando, nemumvura nemumazaya echando,
Mapango akanaka anokura mumiti, uye unhu hwakanaka hunokura muvanhu.[8]

Tenzi ndiye chete anoziva udzami hwezviedzo zvedu, hwemarwadzo edu, nehwematamburiro edu. Ndiye chete anotipa runyararo rwekusingaperi munguva dzematambudziko. Ndiye chete anobata mweya yedu inotambura nemashoko Ake anonyaradza:

"Huyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakuzorodzai.

"Muise joko rangu pamusoro penyu, mudzidze kwandiri; nokuti ndiri munyoro, ndinomoyo unozvininipisa: kuti muwane zororo pamweya yenyu.

"Nokuti joko rangu rakanaka, nomutoro wangu unoreruka."[9]

Kunyangwe iri nguva yakanakisisa kana kuti iri nguva yakaipisisa muupenyu hwedu, Anesu. Akavimbisa kuti izvi hazvimbofa zvakashanduka.

Mabhuratha nemasisita angu, ngativei netsidziro kuna Baba vedu vokudenga isingashanduki nekufamba kwenguva kana maererano nematambudziko ari muupenyu hwedu. Hatifaniri kusangana nematambudziko kuitira kuti tiVarangarire, uye hatifaniri kumanikidzwa kuzvininipisa tisati taVapa rutendo noruvimbo rwedu.

Ngatirambei tichiedza nesimba rose kuva pedyo naBaba vedu Vokudenga. Kuti tidaro, tinofanira kunamata kwaVari uye nokuteerera kwaVari zuva roga roga. Chokwadi tinoVada nguva dzose, kunyangwe tiri munguva dzakanaka kana munguva dzematambudziko. Tinofanira kurangarira nguva dzose vimbiso Yavo: "Handingakuregi, kana kukusiya."[10]

Nesimba rose remweya wangu, ndipopupura kuti Mwari vanorarama uye vanotida, kuti Mwanakomana Wavo Mumwechete Akaberekwa akararama uye akatifira, uye kuti vhangeri raJesu Kristu ndicho chiedza chinopenya chinovhenekera nemurima reupenyu hwedu. Ngazvirambe zvakadaro, ndinonamata nemuzita rinoera raJesu Kristu, amen.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Jeremia 8:22.
2. Jobo 5:7.
3. Jobo 1:1.
4. Jobo 2:9.
5. Jobo 16:19.
6. Jobo 19:25.
7. Joshua 1:5.
8. Douglas Malloch, "Good Timber," muSterling W. Sill, *Making the Most of Yourself*
9. Mateo 11:28–30.
10. Joshua 1:5.

Dzidziso dzeNguva Yedu

Dzidziso dzeHufundisi hwaMerkizedeki nedze Chita cheRubatsiro paSvondo yechina dzichamisirwa ku"Dzidziso dzeNguva Yedu" Chidzidzo chega chega chinokwanisa kugadzirirwa kubva kunhaurwa imwechete kana kupfuura dzakapuwa mumusangano mukuru uchangopfuura (ona chati iri pazasi). Vatungamiri vesiteki nevedunhu vangangokwanisa kusarudza nhaurwa dzinofanira kushandiswa, kana kuti vangangopa basa iri kumabhishopi nevatungamiri vebazi. Vatungamiri vanosimbisa kukosha kwazvakaita kuti mabhuratha eHufundisi hwaMerkizedeki nemasisita eChita cheRubatsiro vadzidze nhaurwa dzimwechetedzo paSvondo dzimwechetedzo.

Avo vanopinda zvidzidzo zveSvondo yechina vanokurudzirwa kudzidza uye kuuya kukirasi nemagazini remusangano mukuru uchangopfuura.

Mazano eKugadzirira Chidzidzo kubva muNhaurwa

Namata kuti Mweya Mutsvene uzova newe apo paunodzidza nekudzidzisa nhaurwa (iyi/idzi). Ungangonzwa kuda kugadzirira chidzidzo uchishandisa zvimwe zvinyorwa, asi nhaurwa dzemusangano mukuru ndizvo zvinyorwa zvinobvumidzwa. Basa rako nderekubatsira vamwe kudzidza nekurarama vhangeri sekudzidziswa kwarakaitwa mumusangano mukuru weChechi uchangopfuura.

Wongorora nhaurwa (iyi/idzi), uchitsvaka misimboti nedzidziso zvinozadzikisa zvidikanwi zvenhengo dzekirasi. Tsvakawo nyaya, ndima dzakatapwa kubva mumagwaro matsvene, nezvirevo kubva munhaurwa zvinozokubatsira kudzidzisa chokwadi ichi.

Nyora tsananguro inoratidza madzidzisiro achaitwa misimboti nedzidziso. Funga kusanganisira mibvunzo inobatsira nhengo dzekirasi.

- Tsvaka misimboti nedzidziso munhaurwa (iyi/idzi).
- Funga pamusoro pezvazvinoreva
- Govera nzwisiso, mazano, zviitiko, nezvapupu.
- Shandisa misimboti iyi nedzidziso idzi muupenyu hwavo.

MWEDZI INODZIDZISWA ZVIDZIDZO	ZVINYORWA ZVOKUSHANDISA MUCHIDZIDZO CHESVONDO YECHINA
Gumiguru 2013–Kubvumbi 2014	Nhaurwa dzakapihwa mumusangano mukuru waGumiguru 2013*
Kubvumbi 2014–Gumiguru 2014	Nhaurwa dzakapiwa mumusangano mukuru waKubvumbi 2014*

** Kwezvidzidzo zveSvondo yechina zvaKubvumbi nezvaGumiguru, nhaurwa i(dzi)nokwanisa kusarudzwa kubva kumusangano wakapfuura kana kubva kune uchangopfuura. Nhaurwa idzi dzinowanikwa mundimi dzakawanda kubva kuconference.lds.org.*

© 2013 neIntellectual Reserve, Inc.Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/13. Mvumo yedudziro: 6/13. Dudziro ye *First Presidency Message, November 2013*. Shona. 10671 731

NaMutungamiri Dieter F. Uchtdorf
Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga

Uyai, Mubatane Nesu

Zvisinei nemamiriro ezvinhu ako, nhoroondo yako pachako, kana kusimba kweuchapupu hwako, kune nzvimbo yako muChechi ino.

Kwaiva nemurume akarota kuti aiva muhoro huru chaizvo umo zvitendero zvose zvepanyika mazvaiva zvakaungana. Akaona kuti chitendero choga choga chaiva nezvakawanda zvaitaridzika sezvakanaka uye zvakakodzera.

Akasangana nemurume nemudzimai vakanaka avo vaiva vakamiririra Chechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira uye akabvunza, "Chii chamunoda kubva kunhengo dzenyu?"

"*Hatina* chatinoda." vakapindura "Asi *Ishe* vanokumbira kuti tipire zvose."

Murume nemudzimai ava vakaenderera kutsanangura pamusoro pemabasa ekudaidzwa emuChechi, dzidziso yekumba neyekushanyirana, ushumiri huzere, manheru emhuri pamba vhiki yoga yoga, basa romutemberi, rubatsiro pamagariro akanaka evanhu, uye mabasa ekudzidzisa.

"Munobhadhara here vanhu venyu nebasa rose iri ravanoita?" murume uyu akabvunza.

"Aaa, kwete," murume nomudzimai vakatsanangura. "Vanopa nguva yavo norusununguko uye zvisina mubhadharo."

"Pamusoro paizvozvo," murume nomudzimai vakaenderera, "mwedzi mitanhatu yoga yoga nhengo dzeChechi yedu dzinopedza mazuva maviri, Mugovera neSvondo, dzichipinda kana kuona maawa gumi ekonifarenzi."

"Maawa gumi evanhu vachipa nhaurwa?" murume akabvunza nekusabvuma zvaainzwa.

"Ko misangano yenyu yechechi yevhiki yoga yoga? Yakareba zvakadii?"

"Maawa matatu, Svondo yoga yoga!"

"Maiwee," akadaro murume uyu. "Nhengo dzechechi yenyu dzinotoita chaizvo here zvamataura?"

"Izvozvo nezvimwe zvakawanda. Hatina kana kutombotaura nezve nhoroondo yemhuri, kembi dzevechidiki, mimwe misangano yekuzvipira, kunzvera magwaro matsvene, kudzidziswa kwevatungamiri, mitambo yevechidiki, seminari yemagwanani ngwanani, kuchengetedza zvivako zveChechi, uye chokwadi kune murau waIshe weutano, kutsanya mwedzi woga woga kuitira kubatsira vanoshaya, uye chegumi."

Murume uyu akati, "Zvino ndadzimaidzwa. Chii chaizvo chingaita kuti munhu ade kupinda chechi yakadaro?"

Murume nemudzimai ava vakanyemwerera vakati, "Tanga tichivimba kuti uchabvunza."

Chii Chaizvo Chingaita Kuti Munhu Apinde Chechi Yakadaro?

Panguva apo machechi mazhinji epanyika pose paari kuona kuderera kukuru muuwandu hwenhengo, Chechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira —kunyangwe iri diki mukuenzaniswa nedzimwe dzakawanda —ndiyo yedzimwe chechi dziri kukura kupinda dzimwe dzose panyika. Kubvira mwedzi waGunyana 2013 Chechi yava nenhengo dzinopfuura mamiriyoni gumi nemashanu panyika pose.

Kune zvikonzero zvakawanda zveizvi, asi ndinokupai zvishoma chete?

Chechi yeMuponesi

Chokutanga, Chechi ino yakadzorerwa muzuva redu naJesu Kristu Pachake. Pano munowana mvumo yokuita zvinhu muzita Rake — kubhabhatidza kuitira kukanganirwa zvivi, kupa chipo cheMweya Mutsvene, uye kusunga pasi nokudenga.[1]

Avo vanopinda Chechi ino vanoda Muponesi Jesu Kristu uye vanoda kuMutevera. Vanofara muruzivo rwekuti Mwari anotaura nevanhu zvakare. Apo pavanotambira zvisungo zvehupirisita zvinoyera uye nokuita zvibvumirano naMwari, vanokwanisa kunzwa simba Rake muupenyu hwavo.[2] Apo pavanopinda mutemberi

tsvene, vanonzwa kuti vari pamberi Pake. Apo pavanoverenga magwaro matsvene [3] nokurarama dzidziso dzevaporofita Vake, vanoswedera kuMuponesi wavanoda chaizvo.

Rutendo Rune Mabasa

Chimwe chikonzero ndechekuti Chechi inopa mikana yokuita zvakanaka.

Kutenda muna Mwari kunokudzwa, asi vanhu vakawanda vanoda kuita zvakawanda kupfuura kuteerera kumharidzo dzinokurudzira kana kungorota nezve kuzorora kwakanaka zvikuru kwavachaita kudenga.[4] Vanoda kuisa rutendo rwavo mumushando. Vanoda kupfunyira maoko ehembe dzavo uye voshanda nesimba mubasa guru rino.

Uye izvi ndizvo zvinoitika apo pavanobatana nesu — vane mikana yakawanda yokushandura materanda, tsitsi, nenguva zvavo kuzviita mabasa akanaka. Nokuti hatina vafundisi vemunzvimbo vanobhadharwa mumakungano edu epanyika pose, nhengo dzedu dzinoita basa remharidzo nereutariri pachadzo. Vanodaidzwa nefemero. Dzimwe nguva tinozvipira pachedu, dzimwe nguva *tino* "piwa mabasa acho." Tinoona mabasa kwete semitoro asi semikana yokuzadzikisa zvibvumirano zvatinoita nomufaro kushandira Mwari nevana Vavo.

Maropafadzo Akakosha Zvikuru

Chikonzero chechitatu chinoita kuti vanhu vapinde chechi ndechekuti kufamba nemunzira yeudzidzi kunotungamira kumaropafadzo akakosha chaizvo.

Tinoona rubhabhatidzo senzvimbo yokutangira murwendo rwedu rweudzidzi. Kufamba kwedu naJesu Kristu kwezuva roga roga kunotungamirira kurunyararo nechinangwa muupenyu huno uye mufaro mukuru neruponeso rwekusingaperi munyika ichauya.

Avo vanotevera nzira iyi nokutendeka vanodzivirira zvizhinji zvenjodzi, kusuwa, uye nezvikunguro zveupenyu.

Varombo pamweya uye vakarurama pamoyo vanowana upfumi hukuru hweruzivo pano.

Avo vanotambura kana vanochema vanowana kuporeswa pano.

Avo vakaremerwa nechivi vanowana ruregerero, rusununguko, nezororo.

Kuna Avo Vanobuda

Rutsvako rwechokwadi rwakatungamirira mamiriyoni evanhu kuChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva Ekupedzisira. Zvisinei, kune vamwe vanobuda muChechi yavaimboda.

Munhu angangobvunza kuti, "Kana vhangeri rakanaka kudaro, chii chingaita kuti munhu abude?"

Dzimwe nguva tinofungidzira kuti vanobuda nokuda kwekuti vakagumburwa kana kuti vane usimbe kana kuti vazere nezvivi. Chaizvo ndezvekuti, hazvisi zvakareruka kudaro. Chokwadi ndechekuti hakuna chikonzero chimwechete chinoenderana nemamiriro ezvinhu akasiyana siyana.

Dzimwe dzenhengo dzedu dzinodiwa dzinotambudzika kwemakore nemubvunzo wokuti vozvitsaura here kubva muChechi.

MuChechi ino inokudza sarudzo yomunhu pachake zvakasimba kudaro, iyo yakadzorerwa nemukomana mudiki akabvunza mibvunzo uye akatsvaka mhinduro, tinoremekedza avo vanotsvaka chokwadi zvakavimbika. Zvingangotisuwisa zvikuru apo rwendo rwavo parunovatora kubva muChechi yatinoda uye kubva kuchokwadi chatakawana, asi tinokudza kodzero yavo yekushumira Mwari Samasimba maererano nezvavanobvuma kuti ndizvo zvakanaka, sematorero atinozviitirawo mukana iwoyo.[5]

Mibvunzo Isina Kupindurwa

Vamwe vanoshushikana nemibvunzo isina kupindurwa pamusoro pezvinhu zvakaitwa kana zvakataurwa kare. Tinobvuma pachena kuti mumakore angangoita mazana maviri enhoroondo yeChechi — pamwepo nemutsetse usina kugurwa wezviitiko zvakafemerwa, zvinerukudzo, uye zvitsvene —kwakava nezvimwe zvinhu zvakataurwa nokuitwa zvingangokonzera vanhu kuva nemibvunzo.

Dzimwe nguva mibvunzo inouya nokuda kwekuti hatina ruzivo rwese uye chatinoda chete kuva nemoyo murefu zvakawedzerwa. Apo chokwadi chose pachinozopedzisira chazivikanwa, zvinhu zvakanga zvisinganzwisisiki kwatiri kare zvinozopindurwa zvatinogutsikana nazvo.

Dzimwe nguva pane kusiyana kwemafungiro maererano nezvinorehwa chaizvo ne "zvokwadi." Mubvunzo unokonzera kusatenda muna vamwe vanhu unokwanisa, mushure mekunyatsotsvaka, kuvaka rutendo munavamwe.

Zvikanganiso zveVanhu Vasina Kururama

Uye, mukutaura pachokwadi chakazara, kwakava nenguva apo nhengo kana vatungamiri muChechi pavakangoita zvikanganiso. Pangangova nezvinhu zvakataurwa kana kuitwa zvakanga zvisiri muwirirano nemaitiro, misimboti, kana dzidziso dzedu.

Ndinobvuma kuti Chechi yaizova yakarurama isina zvikanganiso chete kana yaitungamirirwa nevanhu vakarurama vasina zvikanganiso. Mwari vakarurama, uye dzidziso Yavo itsvene. Asi Vanoshanda nematiri — vana Vavo vasina kururama— uye vanhu vasina kururama vanoita zvikanganiso.

Mupeji yemusoro wenyaya ye-Bhuku raMormoni tinoverenga kuti, "Uye zvino, kana paine zvisiriizvo kukanganisa kwavanhu; naizvozvo, musaramba zvinhu zvaMwari, kuti muzoonekwa musina tsvina pachigaro chokutonga chaKristu."[6]

Izvi ndizvo zvazvakagara zviri uye zvicharamba zvakadaro kusvikira zuva rakarurama apo Kristu Pachake paachatonga iye mbune pasi rose.

Zvinosuwisa kuti vamwe vakaputsika nokuda kwezvikanganiso

zvakaitwa nevanhu. Asi kunyagwe zvakadaro, chokwadi chokusingaperi chevhangeri rakadzorerwa rinowanikwa muChechi yaJesu Kristu yaVatendi Vamazuva ekupedzisira hachina kusvibiswa, kuderedzwa, kana kuparadzwa.

SemuApositori waIshe Jesu Kristu uye semunhu akaona pachake matare nemashandiro eChechi ino, ndinopupura pachokwadi kuti hapana sarudzo yakakosha iri maererano neChechi ino kana nenhengo dzayo inombofa yakaitwa pasina kutsvaka nemoyo wese femero, nhungamiro, nemvumo yaBaba vedu Vokusingaperi. Iyi iChechi yechokwadi yaJesu Kristu. Mwari havazobvumiri Chechi Yavo kuti itsauke kubva munzira yayo yakatarwa kana kuti itadze kuzadzikisa chinangwa chitsvene chayo.

Pane Nzvimbo Yenyu

Kuna avo vakazvitsaura kubva muChechi, ndinoti, shamwari dzangu dzinodiwa, pachine nzvimbo yenyu pano.

Uyai mupamhidzire matarenda enyu, zvipo zvenyu, nesimba renyu kunezvedu. Tose tinozova nani somugumisiro.

Vamwe vangangobvunza, "Ko kusatenda kwangu?"

Kuva nemibvunzo chinhu chiri muvanhu —mhodzi diki yekubvunza kwechokwadi kazhinji yakamera ikakura kuita zimuti ziguru renzwisiso. Kune nhengo shoma dzeChechi idzo, paneimwe nguva, dzisina kumbonetsekana nemibvunzo yakakomba kana inogozha. Chimwe chezvinangwa zveChechi ndechokuriritira nokukudziridza mhodzi yerutendo — kunyangwe dzimwenguva muivhu rejecha rekusatenda nokusava nechokwadi. Rutendo kutaririra zvinhu zvisingaonekwi asi zviri zvechokwadi.[7]

Naizvozvo, mabhuratha nemasisita angu anodiwa — shamwari dzangu dzinodiwa — ndapota, chokutanga ivai nemibvunzo pakusatenda kwenyu musati mava nemibvunzo parutendo rwenyu.[8] Hatifaniri kumbobvumidza kusatenda kuti kutibate sevasungwa nokutidzivirira kutambira rudo rutsvene, runyararo rutsvene nezvipo zvitsvene izvo zvinouya kuburikidza nerutendo munaIshe Jesu Kristu.

Vamwe vangangoti, "Handinzwi kuyanana nemi vanhu vari muChechi."

Dai maikwanisa kuona zviri mumoyo medu, pamwe maikwanisa kuwana kuti munoyanana zvakanaka kupinda zvamunofungira. Mungangoshamiswa kuwana kuti tine zvido nezvinetso netariro zvakafanana nezvenyu. Mazvarirwo enyu kana marererwe enyu angangotaridzika seakasiyana kubva kune zvamunofungidzira muVatendi Vamazuva Ekupedzisira vakawanda, asi izvi zvinokwansia kuva ropafadzo. Mabhuratha nemasisita, shamwari dzinodiwa, tinoda matarenda enyu nemafungiro enyu izvo zvakasiyana nezve vamwe. Kusiyana siyana kwevanhu pachavo nekwe mapoka evanhu pasi pose isimba reChechi ino.

Vamwe vangongoti, "Handifungi kuti ndingakwanisa kurarama zvinokwanirana nemwero yemaitiro enyu."

Ichi ndicho chinotova chikonzero chikuru chokuti muuye! Chechi yakarongwa kuriritira vasina kururama, vanonetsekana, uye vakaneta. Yakazara nevanhu vane *chido* nemoyo wavo wese chokuchengeta mirairo, kunyangwe kana vasati *vavanyanzvi* mukuichengeta.

Vamwe vangangoti, "Ndinoziva nhengo yeChechi yenyu ari munyengeri. Handingambofi ndakapinda muchechi ine munhu akadaro senhengo."

Kana mukatsanangura *munyengeri* semunhu anotadza kurarama zvakanyatsokwana kune zvaanobvuma sechokwadi, saka zvino tose tiri vanyengeri. Hapana wedu akanyotsoita saKristu samaziviro atinoita kuti tinofanira kuva. Asi tinoda zvechokadi kukunda zvikanganiso zvedu uye unhu hwedu hwekuita chivi. Nemoyo wedu nemweya wedu tinoda zvikuru kuva varinani nerubatsiro rweRudzikinuro rwaJesu Kristu.

Kana izvi zvirizvo zvido zvako, zvino zvisinei nemamiriro eupenyu hwako, nhoroondo yako pachako, kana kusimba kweuchapupu hwako, mune nzvimbo yako muchechi ino. Uyai, mubatane nesu!

Uyai, Mubatane Nesu!

Zvisinei nezvikanganiso zvedu savanhu, ndine chokwadi chekuti muchawana pakati penhengo dzeChechi ino mizhinji yemweya yakanakisisa ingawanikwa panyika pano. Chechi yaJesu Kristu inenge inokwezva avo vane hanya, vakatendeka uye vanoshanda nesimba.

Kana muchitarisira kuwana vanhu vakarurama muno, muchazogumbuka. Asi kana muchitsvaka dzidziso tsvene yaKristu, shoko raMwari "iro rinorapa mweya une ronda,"[9] uye femero inotsvenesa yeMweya Mutsvene zvino pano muchazviwana. Munguva ino yokuderera kwerutendo — munguva ino apo vazhinji pavananonzwa kuva kure nerudo rwaMwari — pano muchawana vanhu vanoshuwira kuziva nokuswedera pedyo neMuponesi wavo nokushandira Mwari nevamwe vanhu, sezvamuri imi. Uyai, mubatane nesu!

Nemi Muchabvawo Here?

Ndinoyeuchidzwa nezve nguva muupenyu hweMuponesi apo vazhinji pavakaMusiya.[10] Jesu akabvunza vadzidzi Vake kuti:

"Nemi munoda kubvawo here?

"Zvino Simoni Petro akamupindura akati, Ishe tichagoenda kunaniko? ndimi munamashoko oupenyu husingaperi."[11]

Pane nguva dzatinofanira kupindura mibvunzo mimwecheteyo. Nesu tichabvawo here? Kana kuti saPetro, tichabatirira zvakasimba kumashoko eupenyu hwokusingaperi?

Kana muchitsvaka chokwadi, mhinduro, uye nzira yokushandura rutendo kuruisa mumabasa; kana

muchitsvaka nzvimbo yokuva vobwo; Uyai, mubatane nesu!

Kana makasiya chitendero chamakambotambira: Dzokai zvakare. Batanai nesu!

Kana muchinzwa kuda kuregera: Garai kwechinguva. Pane nzvimbo yenyu pano.

Ndinoteterera kuna vose vanonzwa kana kuverenga mashoko ano: Uyai, mubatane nesu. Uyai mudavire kudaidzo yaKristu akapfava. Simudza muchinjikwa wako uMutevere.[12]

Uyai, mubatane nesu! Nokuti pano muchawana izvo zvakakosha zvinopfuura mutengo.

Ndinopupura kuti pano muchawana mashoko eupenyu husingaperi, vimbiso yerununuro rwakaropafadzwa, uye nzira yokurunyararo norufaro.

Ndinonamata nomoyo wese kuti kutsvaka kwenyu pachenyu kwechokwadi kuchaisa pamoyo yenyu chido chekuuya kuzobatana nesu. Nemuzita rinoyera raJesu Kristu, amen.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona Mateo 16:18–19; Hiramani 10:7.
2. Ona Dzidziso neZvibvumirano 84:20.
3. Ona 2 Nifai 33:10.
4. Ona "Have I Done Any Good?" *Hymns,* nhamba 223.
5. Ona Misimboti yeChitendero 1:11.
6. Peji yeMusoro weNyaya yeBhuku raMormoni; ona Mormoni 8:17.
7. Ona VaHeberu 11:1; Aruma 32:21.
8. Ona F. F. Bosworth, *Christ the Healer* (1924), 23.
9. Jakobo 2:8.
10. Ona Johane 6:66.
11. Johane 6:67–68.
12. Ona Mateo 22:39.

© 2013 neIntellectual Reserve, Inc.Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/13. Mvumo yedudziro: 6/13. Dudziro ye *Visiting Teaching Message, November 2013*. Shona. 10671 731